

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén (*pre-experimental design*). Nurutkeun Arikunto (2014, kc.123), métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nyaéta: 1) one shot case study; 2) pretest and posttest; 3) static group comparison.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pretest* jeung *posttest* group. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré pretest anu tuluy dibéré treatment sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis carita pondok kalayan ngagunakeun media gambar berseri, anu satuluyna dilakukeun posttest. Desainna saperti di handap ieu.

Tabél 3.1  
*Desain Panalungtikan*

<b>O<sub>1</sub></b>	<b>X</b>	<b>O<sub>2</sub></b>
----------------------	----------	----------------------

(Arikunto, 2014, kc.124)

Keterangan :

O<sub>1</sub> : *Pretest*

X : *Treatment* pangajaran ngagunakeun média *gambar berseri*

O<sub>2</sub> : *Posttest*

### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan mangrupa hasil tina tes kamampuh nulis siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung taun ajar 2018/2019.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI MIPA 1 SMA Negeri 11 Bandung taun ajar 2018/2019 anu lokasina di Jl. Kembar Baru No.23,

Cigéréléng, Kec. Régol, Kota Bandung. Jumlah siswa dina ieu panalungtikan aya 27 urang, 11 siswa lalaki jeung 16 siswa awéwé.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data (arikunto, 2013 kc. 203). Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés tinulis. Tes nurutkeun Nurgiyantoro (2014 kc.7) nyaéta hiji instrumén atawa prosedur anu sistematis pikeun ngukur hiji sampel. Wanda tés nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés tinulis. Wangun tés dina ieu panalungtikan mangrupa tés *uraian*.

Dina prak-prakana panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas XI SMA saméméh ngagunakeun média *gambar berseri* jeung sabada ngagunakeun média *gambar berseri*. Ieu di handap mangrupa soal *pretest* unjuk kerja anu dibérékeun ka siswa. Ieu di handap tés anu dipaké dina ieu panalungtikan.

***Pretest***

Pék jieun hiji carita pondok kalawan téma “Lingkungan”!

***Posttest***

Pék jieun hiji carita pondok kalawan téma anu saluyu jeung  
*gambar berseri séwang-séwang!*

### 3.4 Prosedur Panalungtikan


Dina ieu panalungtikan, pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif kalayan maké métode kuasi ékspérimén. Satuluyna *desain* anu dipaké nyaéta *desain one-group pretest and posttest*. Prosedur dina ieu panalungtikan baris ditétélakeun dina bagan ieu di handap.

Idéntifikasi masalah ngawengku tahap nangtukeun masalah, ngarumuskeun masalah, nangtukeun tujuan tina panalungtikan, jeung nangtukeun métode anu rék dipaké dina panalungtikan.

Léngkah anu ka dua nyaéta ngalaksanakeun panalungtikan jeung ngumpulkeun data. Léngkah ieu nyaéta mangrupa kagiatan panalungtikan di sakola, mére *pretest* jeung *posttest* ngeunaan nulis carita pondok.

Saterusna nganalisis data. Nganalisis data dina ieu panalungtikan ngawengku nguji sipat data, jeung nguji hipotésis. Tuluy tahap nu pamungkas nyaéta nyieun kacindekkan. Nu pamungkas nyaéta nyieun kacindekkan, ngaronjat atawa henteuna kamampuh siswa.

Bagan 3.1  
*Prosedur panalungtikan*



### 3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés. Téhnik tés dilaksanakeun saméméh jeung sanggeus maké media *gambar berseri* dina pangajaran nulis carita pondok.

Tés awal (*pretest*) maksudna pikeun mikanyaho gambaran awal kamampuh nulis siswa saméméh maké media *gambar berseri*. Sedengkeun tés ahir (*posttest*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil ahir kamampuh nulis siswa sanggeus maké media *gambar berseri*.

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha léngkah, nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Siswa nyieun carita pondok (*pretest*).
- b. Guru nerangkeun ngeunaan matéri carita pondok.
- c. Guru méré média *gambar berseri* ka siswa.
- d. Siswa neuleuman maksud tina unggal gambar tuluy nyieun carita pondok (*posttest*).

### 3.6 Tehnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data ieu mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus kakumpul. Data nu bakal diolah jeung dianalisis ngawengku data hasil kamampuh awal (*pretest*) jeung kamampuh ahir (*posttest*). Dina ngolah data pikeun ieu panalungtikan, digunakeun aplikasi SPSS (*Statistical Package for the Social Science*). Satuluyna dina ngolah data aya sababaraha léngkah anu kudu dipigawé, di antarana saperti ieu di handap.

- a. Data dikumpulkeun tuluy data dipasing-pasing dumasar kana *pretest* jeung *posttest* tuluy dipariksa;
- b. Meunteun kana hasil *pretest* jeung *posttest* maké pedoman meunteun nulis (tabél 3.2) nurutkeun Nurgiyantoro (1995, kc. 305) kalawan cara ngitung peunteun skorna;
- c. Ngasupkeun data peunteun *pretest* jeung *posttest* kana tabél (tabél 3.3);

Tabél 3.2  
*Pedoman Meunteun Nulis Carita Pondok*

Aspék	Skor	Kritéria
Eusi	27-30	<b>Alus pisan - Sampurna</b> Padat Informasi, rélévan jeung masalah jeung

		tuntas.
	22-26	<b>Cukup – Alus</b> Informasi cukup, struktur, masalah rélévan tapi teu lengkep.
	17-21	<b>Sedeng – Cukup</b> Informasi kawatesanan, permasalahan teu cukup.
	13-16	<b>Kurang pisan – Kurang</b> Euweuh eusian, euweuh permasalahan
Organisasi eusi	18-20	<b>Alus pisan - Sampurna</b> Éksprési lancar, idé nu diébréhkeunna jelas, urutan logis, jeung struktur carponna lengkep.
	14-17	<b>Cukup – Alus</b> Kurang lancar, kurang diorganisir tapi idé utama katingali, urutan logis tapi teu lengkep.
	10-13	<b>Sedeng – Cukup</b> Teu lancar, idé kacau, urutan teu logis
	7-9	<b>Kurang pisan</b> Teu komunikatif, teu kaorganisir, teu layak peunteun
Pilihan Kecap (Diksi)	18-20	<b>Alus pisan - Sampurna</b> Pamangpaatan poténsi kecap canggih, pilihan kecap luyu, ngawasa pangwangunan kecap.
	14-17	<b>Cukup – Alus</b> Pamangpaatan poténsi kecap rada canggih, pilihan kecap kurang luyu tapi teu ngaganggu.
	10-13	<b>Sedeng – Cukup</b> Pamangpaatan poténsi kecap kawatesanan, sok aya salah dina ngagunakeun kecap nu ngaruksak ma'na.
	7-9	<b>Kurang pisan</b> Pamangpaatan poténsi

		kecap teu bener, pangaweruh ngeunaan kecap kurang, teu layak peunteun.
Makéna Basa	22-25	<b>Alus pisan - Sampurna</b> Konstruksi kompléks tapi éféktif, ngan saeutik salahna dina wangun kabasaan.
	18-21	<b>Cukup – Alus</b> Konstruksi sederhana tapi éféktif, kasalahanna ngan saeutik tapi teu ngarobah ma'na .
	11-17	<b>Kurang – Sedeng</b> Aya salah nu serius dina konstruksi kalimah, ma'na robah.
	5-10	<b>Kurang pisan</b> Teu ngawasa aturan sintaktis, loba salahna, teu komunikatif, teu layak peunteun.
Mékanik	5	<b>Alus pisan - Sampurna</b> Ngawasa aturan panulisan, ngan aya sababaraha salah dina éjaan.
	4	<b>Cukup</b> Kadang aya salah dina éjaan tapi teu ngarobah ma'na.
	3	<b>Sedeng – Cukup</b> Mineng aya salah ejaan, ma'nana robah.
	2	<b>Kurang pisan</b> Teu ngawasa aturan panulisan, aya loba salah dina éjaan, tulisan teu kabaca, teu layak peunteun.

(Nurgiyantoro, 1995, kc. 305)

**Bagan 3.2**  
**Cara Ngitung Peunteun atawa Skor**

$$\Sigma = \text{aspék A+B+C+D+E}$$

**Tabél 3.3**  
**Format Peunteun Nulis Carita Pondok**

No. Absén	Aspék nu Dipeunteun					$\Sigma_1$	P <sub>1</sub>	Katerangan
	A	B	C	D	E			
1								
2								
3								
4								
5								
...								
$\Sigma$								
$\bar{X}$								

Katerangan :

- A : Eusi (maks.30)
- B : Organisasi eusi (maks. 20)
- C : Pilihan kecap atawa diksi (maks. 20)
- D : Makéna basa (maks. 25)
- E : Mékanik (maks.5)
- $\Sigma$  : Jumlah skor maksimal
- $\Sigma_2$  : Jumlah skor atawa peunteun

**Tabél 3.4**  
**Katégori Peunteun**

91-100	Alus Pisan
81-90	Alus
71-80	Sedeng



61-70	Kurang
<60	Kurang Pisan

### 3.6.1 Analisis Data

Dina Ieu panalungtikan, alat anu dipaké pikeun nganalisis data nyaéta *software* atawa aplikasi SPSS (*Statistical Package for the Social Science*). Nurutkeun Syarifuddin (2018 kc.2), SPSS mangrupikeun *software* anu miboga fungsi pikeun nganalisis data, ngalakukeun perhitungan statistik kalayan basis *windows*.

#### 3.6.1.1 Uji normalitas

Pikeun nikanyaho data téh distribusi na normal atawa henteu, diayakeun uji normalitas. Analisis normalitas ieu bisa dilakukeun ku cara maké analisis normalitas *Kolmogorov-Smirnov*. Makéna rumus ieu kusabab jumlah datana kurang ti 30.

Uji normalitas nu diayakeun didasaran ku uji *Kolmogorov-Smirnov* kalayan analisa :

#### Hipotesis

$H_0$  : Distribusi data normal

$H_a$  : Distribusi data teu normal

#### Dasar kaputusan

Lamun  $> 0.05$ ,  $H_0$  Ditarima

Lamun  $< 0.05$ ,  $H_0$  Ditolak

#### 3.6.1.2 Uji Hipotesis

Hipotesis mangrupa jawaban samentara tina hiji panalungtikan nurutkeun Susetyo (2017, kc.141). Ku kituna, perlu diayakeun uji ngeunaan hipotesis anu diajukeun dina hiji panalungtikan anu satuluyna bisa nyindekkeun yén hipotesis téh ditarima atawa henteu. Uji hipotesis ieu satuluyna ngagunakeun rumus *Wilcoxon*.

Léngkah-léngkah pikeun nguji hipotesis *two tail test* saperti di handap.

- a) Ngasupkeun dara kana *worksheet* SPSS jadi dua kolom, *pretest* jeung *posttest*
- b) Menu *analyze*.
- c) Pilih *non parametric test* jeung pilih 2 *related samples*
- d) Satuluyna asupkeun ngaran variabel
- e) Pilih test type pikeun ngaaktifkeun uji *wilcoxon*
- f) Klik *Enter* atawa *Ok*.

### **Hipotésis**

$H_0$  : Média gambar berséri teu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis carita pondok di kelas XI SMA Negeri 11 Bandung.

$H_a$  : Média gambar berséri bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis carita pondok di kelas XI SMA Negeri 11 Bandung.

### **Dasar kaputusan**

Lamun  $> 0.05$ ,  $H_0$  Ditarima

Lamun  $< 0.05$ ,  $H_0$  Ditolak